

**Kijan pou kominike avèk yon Espesyalis nan Vyolans Domestik (DVS)?**

**Chak Biwo Wèlfè Chak Biwo Asistans Tranzisyonèl gen yon Espesyalis nan Vyolans Domestik:**

**Rejyon Sidès**

Kowòdinatè	(617) 447-3982
Brockton	(617) 459-9230
Fall River	(617) 756-5566
Hyannis	(617) 504-6059
New Bedford	(617) 756-7032
Taunton	(617) 869-7419

**Rejyon Boston**

Kowòdinatè	(617) 447-3985
Boston	(617) 447-3985
	(617) 504-6148
Chelsea Center	(617) 504-5231
Quincy	(617) 447-3986

**Gen Espesyalis nan Vyolans Domestik ki pale panyòl.**

**Gen sèvis entèprèt pwofesyonèl pou tout lòt lang yo.**

**Rejyon Santral**

Kowòdinatè	(617) 447-3728
Framingham	(617) 447-3728
Fitchburg	(617) 504-2973
Worcester	(617) 756-7157
Southbridge	(617) 459-8019

**Rejyon Nòdès**

Kowòdinatè	(617) 869-4501
North Shore	(617) 869-4501
Lawrence	(617) 756-2449
Lowell	(617) 785-9357
Malden	(617) 780-8971

**Rejyon Lwès**

Kowòdinatè	(617) 447-3983
Greenfield	(617) 447-3983
Holyoke	(617) 447-3726
Springfield	(617) 756-0749
	(617) 429-1862
Pittsfield	(857) 275-1862

**Pou ransèyman jeneral sou Ofis pou Vyolans Domestik, sonnen:**

Sèvis Telefonik Depatman Asistans Tranzisyonèl nan: 1-(877) 382-2363  
Gade nan sit entènèt nou an nan [www.mass.gov/dta](http://www.mass.gov/dta)  
Sonnen SAFELINK apre lè travay nan 1-(877) 785-2020

**Tout moun merite ansekirite Ofis pou Vyolans Domestik**



Si kounye la oubyen anvan sa ou te nan yon relasyon entim kote oumenm osinon pitit ou abize, menase, oubyen kote yo fè nou gen laperèz, konnen tanpri Depatman Asistans Tranzisyonèl la (Department of Transitional Assistance -DTA) kapab ede w. Chak biwo DTA gen anplwaye ki gen eksperyans nan domèn Vyolans Domestik.

*Ni oumenm ni pitit ou merite pou n ansekirite*

*Commonwealth of Massachusetts*



## Siy pou W Veye

### Èske patnè w la...

1. Eseye kontwole lavi w?
2. Pa kite w travay, oubyen li bloke efò yo w fè pou w travay osinon pou w ale lekòl ? Kontwole lajan an?
3. Swiv ou oubyen li eseye anpeche w ale nenpòt ki kote poukont ou?
4. Akize w adiltè oubyen li fè jalouzi epi kontwole tout sa wap fè?
5. Ap ba w kontwòl? Sèvi avèk teknoloji epi medya sosyal pou siveye epi kontwole w?
6. Anpeche w gen relasyon ak fanmi w oubyen zanmi w?
7. Degrade w oubyen ba w non?
8. Imilye w devan moun?
9. Fòse w fè bagay ou pa vle fè?
10. Kondwi tankou moun fou lè w nan machin lan?
11. Menase li pral fè w mechanste osinon touye w?
12. Sezi medikaman w bezwen?
13. Sèvi avèk britalite sou oumenm ak/ oubyen pitit ou yo?
14. Fè w fè lanmou avèk li lè w pa sou sa?

Si w di wi pou kèk oswa tout nan kesyon sa yo, ou gendwa nan yon relasyon ki abizif.

### Kisa Vyolans Domestik ye?

Yon moun pa oblije atake w fizikman pou w ka di se nan yon relasyon abizif ou ye.

Vyolans Domestik (oubyen vyolans konjigal) defini tankou yon fòm konpòtman ki sèvi avèk pouvwa pou kontwole relasyon an. Abi kapab vèbal, emosyonèl, finansyèl, fizik, epi/oubyen seksyèl.

### Abi Finansyèl se:

- Refize bay ransèyman epi kontwole desizyon sou sa ki konsène lajan.
- Pa peye fakti, ki kapab lakòz ou gen pou w degèpi.
- Pa ede peye lòt depans fanmi an.
- Pa pèmèt pou ou travay.
- Pyeje w dekwa pou w pa reyisi nan travay ou osinon nan efò wap fè pou jwenn edikasyon (nan mank koperasyon tankou refize gadri pou timoun yo epi/oubyen transpò oubyen tizone w nan travay la).
- Ede w finansyèman sèlman lè w fè sa l di pou w fè.

Desizyon ou pran pou w kite epi pou w ansekirite souvan fè w pèdi sipò finansyèl ak kote pou w rete a. DVS yo la pou yo ede w.

### *Kijan yon espesyalis nan Vyolans Domestik (DVS) kapab ede?*

Espesyalis nan Vyolans Domestik yo (DVS, Domestic Violence Specialist)

Gen eksperyans travay avèk moun ki viktim vyolans konjigal epi yo konnen abi a se pa yon bagay ki fòt ou.

Pral koute w epi yo pral ede w wè kijan pou w pran ak pridans dispozisyon ke w pare pou w pran yo.

Konnen resous yo ki gen nan kominote kote w rete a epi yo pral ede w jwenn yo.

Pral planifye avèk ou ak pridans epi yo pral enfòme w sou resous pou refij/ lojman ki genyen depi w ta bezwen yon kote ki ansekirite pou ni oumenm ni pitit ou yo kapab rete.

Kapab ede w fè yon plan epi pran dispozisyon nesèsè pou w gen yon endepandans finansyèl ak/oubyen yon estabilite finansyèl.

Kapab ba w repons pou kesyon w poze sou sekirite, resous ak opsyon w genyen yo, e kesyon sou pansyon alimantè pou timoun. Yo ka ede w tou poutèt abi a pou w mande plis tan pou w obsève kèk nan règleman sou Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (Transitional Aid to Families with Dependent Children, TAFDC). Sa rele yon Dispans pou Vyolans Domestik.

Règleman sa yo enkli sa ki annapre la :

- The Work Program (Pwogram pou anplwa)
- The Time Limit (Delè)
- Prezans nan lekòl pou paran ki adolesan
- Kopere avèk pansyon alimantè pou timoun